


Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Ou wè gen chema tout kote – sou paj espò nan jounal la, nan reklam, nan liv syans ou oubyen nan liv syans sosyal ou yo! Pi plis nan chema sa yo se koub frekans, grafik an bann, oubyen grafik sikilè. Nan chapit sa a, ou pral aprann enfòmasyon sou chema ki itilize pwèn ak liy pou montre regilarite ak relasyon ki genyen nan done yo.

Men yon egzanzp. Chema sa a gen yon aks orizontal ak yon aks vètikal. Li montre pri sak sik diferan. Apatide chema sa a, ou ka detèminen detay sa yo :

- Se D ki pi lou.
- B ak F gen menm pwa.
- C , E ak D pi lou pase B .
- E ak F koute plis pase D .
- C ap ba w plis ranman pou lajan ou lan pase B , paske ou jwenn plis sik pou yon ti kal kòb anplis sèlman.



Nan chapit sa a, ou pral fè chema plizyè sityasyon diferan. Gen kèk chema – tankou chema ki anlè a – ki pap gen okenn valè nimerik. Gen lòt kap gen echèl, oubyen swit nonm, sou longè chak aks yo.

Vokabilè Pandan wap aprann enfòmasyon sou nouvo kalite chema sa yo, wap aprann nouvo tèm vokabilè tou.

aks

grafik lineyè

orijin

kowòdone

pè òdone

varyab

Kisa w ka fè lakay ?

Pandan pwochen semenn yo, elèv ou an ka montre li enterese nan chema. Ou ka ede li jwenn egzanzp ki montre kijan yo itilize chema yo toulejou si w gade sa ki nan jounal ak magazin. Ankouraje elèv ou an detèminen kisa chema yo reprezante ansanm ak valè kèk pwèn byen detèmine nan chema yo.